

Chèche konnen verite a sou asirans sante

Pwoteje tèt ou, Florid

RIMÈ

Mwen an sante e mwen pa bezwen asirans sante



VERITE

Asirans sante se yon bagay ki ede w rete an sante! Ou jwenn egzamen woutin, vaksen, analiz san chake ane ak depistaj kansè yo san w pa peye plis pou bagay sa yo. Mete sou sa, li peye yon pati nan depans medikal ou genyen yo si w blese oswa si w malad.

RIMÈ

Mwen pa ka peye pou asirans sante




VERITE

Sou chak 5 moun, genyen 4 ki ka jwenn yon plan asirans sante Affordable Care Act (ACA) pou \$10 oswa mwens chak mwa.¹ Epi kounye am si w jwenn asirans sante w atravè travay ou, rès fanmi w gendwa kalifye pou yon plan ACA grasa yon èd finansye.

RIMÈ

Mwenn fè twòp lajan pou m jwenn yon èd finansye



VERITE

Kounye a, nan eta Florid, genyen yon lòt 174,000 moun ki pa asire ki ka jwenn yon èd finansye. Grasa chanjman ki fèt nan ACA a an 2021, ou pa p peye plis pase 8.5% revni fanmi w, oubyen ou te ka peye mwens toujou.²

RIMÈ

Li twò difisil pou jwenn yon plan



VERITE

Ajan ak navigatè asirans sante ki lisansye yo ka esplike w ki opsyon ou genyen e yo ka ede w enskri nan yon plan. Yo pa p mande w senk kòb pou èd sa a. Ale sou sitwèb plan asirans prefere w pou jwenn youn ki toupren w.

Ale sou **GetCoveredFlorida.com** pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen yo pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje fanmi w grasa yon plan asirans sante

¹<https://www.hhs.gov/about/news/2022/06/22/fact-sheet-what-happens-premiums-if-extra-help-american-rescue-plan-expires.html>. Sa valab pou plan endividyèl sou exchange lan sèlman, depi ou kalifye.

²Selon yon analiz estatistik ki fèt sou echantiyon mikwo-done pou itilizasyon piblik nan sondaj kominote ameriken yo an 2019 (Public Use Microdata Sample, PUMS), ak kèk ajisteman ki fèt akòz Covid-19 nan done sou kwasans Medicaid nan eta Florid ki soti nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, nan done sou kwasans enskripsyon endividyèl ki soti nan rapò CMS sou peryòd enskripsyon ouvè a pou 2022 ak nan done sou moun ki pèdi anplwa yo ki soti nan Biwo Estatistik sou Travay la.

Se Florida Blue, yon konpayi endepandan ki jwenn yon lisans nan men Blue Cross and Blue Shield Association, ki bay enfòmasyon sa yo.